

Kachnen Pou COVID-19: Kesyon Moun Poze Souvan yo

Kachnen enpòtan pou sispann pwopagasyon COVID-19. Tanpri fè pati pa w lè w mete yon kachnen.

Kisa yon kachnen ye?

Yon kachnen se yon materyèl pou kouvri figi an twal oswa mask jetab ki byen tache ki kouvri nen ou ak bouch ou. Lè w ap chwazi yon kachnen, konsidere bagay sa yo:

- Pa itilize yon kachnen ki gen yon valv ekspirasyon paske li pèmèt lè ki pa filtre chape.
- Sèvi ak yon kachnen ki gen de (2) oswa plis kouch materyèl pou pi byen anpeche lè ki pa filtre pase.
- Patikil respiratwa ka sòti nan ni nen ou ni bouch ou. Asire w ke kachnen an adapte byen sou kote figi ou epi konplètman kouvri **tou de** nen ou ak bouch ou, san li pa glise.
- Pa sèvi ak respiratè N95 yo, paske pa gen anpil nan yo an rezèv. Li esansyèl pou nou rezève respiratè N95 yo pou travayè swen sante nou yo.

Rechèch toujou sou pye konsènan diferan kalite kachnen ak efikasite yo. Plis enfòmasyon disponib sou [sit entènèt](#) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC, Centers for Disease Control and Prevention).

Ki moun ki dwe mete yon kachnen?

Lwa Eta New York (NYS, New York State) egzije pou tout moun ki gen plis pase 2 lane ki ka medikalman tolere yon kachnen dwe mete youn lè yo an piblik si yo pa ka kenbe omwen 6 pye distans de lòt moun. Egzanp yo enkli mache nan yon ri ki gen anpil aktivite, fè acha nan magazen, wè doktè ou, manje nan yon restoran (lè ou pap manje oswa bwè), ale nan yon kote moun adore oswa ale nan yon rasanbleman. Ou **dwe** mete kachnen pou kouvri figi w toutan lè w nan transpò piblik, tankou lè w nan tren, bato feri, bis, taksi, ak nan sèvis woulib nan machin yo. Nou rekòmande ou mete yon kachnen otan ke posib lè ou nan yon espas andedan ki pataje apa de lakay ou, tankou kote moun adore ak biwo, menm si ou ka kenbe 6 pye distans de lòt moun.

Moun ki malad yo dwe mete kachnen pou kouvri figi yo pandan yo lakay, espesyalman si yo pa kapab kenbe distans omwen 6 pye ant yo menm ak lòt moun yo, ak toutan nenpòt lè yo sòti lakay yo.

E si m ap viv nan lojman gwoup ki gen enstalasyon pataje?

Si w ap viv nan yon etablisman ki pataje kwizin, twalèt, oswa lòt espas kolektif, mete yon kachnen pou kouvri figi w lè ou kite apatman oswa chanm ou an.

Èske timoun yo bezwen mete yon kachnen?

Timoun ki gen plis pase 2 zan dwe mete yon kachnen. Konsidere bagay sa yo:

- Pou timoun piti, eseye jwenn yon kachnen ki pi piti oswa youn ki fèt pou timoun. Si ou pa kapab, rakousi oswa ajiste kòd kachnen an pou asire ke kachnen an byen adapte.
- Timoun piti yo gen plis chans manyen kachnen yo an, kidonk paran ak moun k ap pran swen yo dwe lave men timoun yo oswa aplike dezenfektan pou men souvan.

- Lekòl ak pwogram gadri yo gen kondisyon espesyal. Tanpri tcheke avèk lekòl pitit ou a oswa pwogram lan.

E si mwen gen yon pwoblèm sante ki fè li difisil pou mwen mete yon kachnen. Èske mwen toujou oblije mete youn?

Si ou gen yon pwoblèm sante ki fè ou pa kapab tolere yon kachnen nan figi w, ou pa bezwen mete youn. Sa a fè pratike distans fizik ak ijyèn pou men menm pi esansyèl toujou.

Èske mwen bezwen mete yon kachnen lè m ap fè egzèsis?

Si w ap fè egzèsis deyò, ou pa bezwen mete yon kachnen toutotan ou kenbe omwen 6 pye distans de lòt moun. Lè w ap fè egzèsis nan yon djim oswa sant fitnès, ou dwe mete yon kachnen tout tan (sof si ou medikalman pa kapab tolere yon kachnen oswa ou poko gen laj 2 zan). Selon egzijans NYS, bandana, kach-kou ak lòt rad moun mete sou kou yo **pa** yon pwoteksyon pou figi a ki akseptab nan djim yo ak nan sant fitnès yo.

Èske mwen bezwen mete yon kachnen lè m ap travay?

Ou dwe mete yon kachnen nan travay la, sof si ou sèten ou ka kenbe omwen 6 pye distans de lòt moun (ki gen ladan kòlèg, kliyan ak vizitè). Anplwayè yo dwe bay anplwaye yo kachnen pou kouvri figi yo gratis. Anplwayè w la ka gen egzijans anplis konsènan lè ou bezwen mete yon kachnen, oswa lòt pwoteksyon. Menm si 6 pye distans ka konsève, mete yon kachnen otan ke posib lè w ap travay andedan ak otou lòt moun rekòmande. Si ou pa ka medikalman tolere yon kachnen, diskite avèk patwon ou si yon aranjan rezonab posib.

Mwen te gen COVID-19 epi mwen santi m mye kounye a. Èske mwen toujou oblije mete yon kachnen?

Wi. Egzijans NYS pou mete yon kachnen an toujou aplike menm si ou te gen COVID-19.

Èske mwen ka mete yon ekran fasyal olye de yon kachnen?

Yon ekran fasyal pa yon ranplasan akseptab pou yon kachnen nan moman sa a. Plis rechèch nesèsè konsènan efikasite ekran fasyal yo nan anpeche ti gout respiratwa yo pwopaje. Yo kapab konsidere ekran fasyal la pou yon moun ki medikalman pa ka tolere yon kachnen oswa anplis itilizasyon yon kachnen. Li pa ta dwe ranplase yon kachnen.

Konbyen fwa mwen bezwen lave kachnen pou kouvri figi mwen an?

Nou rekòmande pou lave kachnen yo yon fwa pa jou oswa apre apeprè uit (8) èdtan itilizasyon. Ou ka lave kachnen an twal yo alamen oswa nan machin avèk detèjan ak dlo cho. Kachnen pou kouvri figi a dwe sèch nèt anvan ou itilize l.

Pandan konbyen tan mwen ka itilize yon kachnen jetab?

Pa gen okenn dire. Ou ka anmezi pou itilize menm kachnen jetab la pou senk (5) jou. Ou ta dwe jete kachnen jetab yo si yo vin domaje, sal oswa mouye.

Èske gen prekosyon mwen dwe pran ak kachnen pou kouvri figi mwen an?

Lè yo pa byen itilize kachnen pou kouvri figi yo, sa ka pwopaje jèm yo. Se sa k fè, li enpòtan pou w byen mete, sere epi jete tout kachnen pou kouvri figi yo kòrèkteman:

- Lave men ou pandan 20 segonn avèk savon ak dlo oswa itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl chak fwa ou mete ak retire kachnen pou kouvri figi ou. Si ou paka netwaye men ou, pran anpil prekosyon pou w pa manyen zye w, nen w oswa bouch ou.
- Pa mete yon kachnen pou kouvri figi kote lòt moun ka manyen li oswa kote mikwòb ki kwense nan kachnen pou kouvri figi ou ka touche lòt sifas, tankou kontwa yo oswa tab kwizin ou.
- Pa voye kachnen pou kouvri figi ou vaykevay nan yon valiz oswa sakado. Mache ak yon ti sachè pou w ka sere kachnen pou kouvri figi ou si ou pral retire li lè w pa kay ou.
- Jete kachnen jetab yo nan fatra. Pa jete yo nan lari.
- Gade "[How to Put On a Face Covering](#)" (Kijan Pou w Mete yon Kachnen) pou plis enfòmasyon.

Èske li posib pou m fè pwòp kachnen pou kouvri figi mwen?

Wi. Gade sit entènèt CDC a [enstriksyon](#) la pou fè yon kachnen an twal.

Depatman Sante NYC a ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

9.11.20